



Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PREMÈ FAZ SANT INOVASYON IBM BUFFALO

Sant Inovasyon an ap kòmanse travay kòm yon Sant Devlopman Teknoloji modèn

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te aonse ke Sant Inovasyon IBM Buffalo te ouvè premye faz operasyon l nan rezo Komèsyalizasyon ak Inovasyon Teknoloji Enfòmasyon nan anba Lavil Buffalo. Rezo Inovasyon IT avèk yon investisman \$55 milyon dola ki soti nan inisyativ Buffalo Billion Gouvènè a e li pral kreye 500 nouvo djòb enfòmasyon teknoloji.

“Peyizaj biznis nan Lwès New York kontinye ap evolye ak chanje, devlope depizanpli fò epi atire biznis entènasyonal lidè yo tankou IBM ki te fè yon angajman enpòtan nan rejyon an,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Faz inisyativ sa se kòmansman nan pote plis teknoloji de pwent ak djòb nan zòn nan, e li se yon lòt siy ke Buffalo ap avanse.”

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare, “Yon lòt jou, yon lòt viktwa pou ekonomi Buffalo, kòm IBM te chwazi pou l patisipe nan renesans vil nou an an yon rezo inovasyon klas mondyal. Sa a se yon konsekans dirèk de Buffalo Billion, pwogram siyati Gouvènè Cuomo ki te lanse nouvo endistri pwometè epi kreye travay ki peye byen. Anfèt, grasa pwojè Sant Inovasyon IBM Buffalo sèlman, nap angaje pou kreye 500 djòb pandan sèt pwochen ane yo. Mwen ta renmen remèsye IBM pou patenarya kontinyèl li ansanm avèk desizyon l pou fè Vil Queen vini lakay li.”

IBM se premye lokatè prensipal rezo a, sa ki pral loje nan espas tranzisyonèl nan tour nò nan Key Center. Yo prevwa ke IBM pral kòmanse sa nan fen otòn nan ak kòmansman ivè pou deplase ale nan espas pèmanan l nan sid tour la nan Key Center. Pwojè a pral fòme pwofesyonèl IT yo, edike nouvo pèsonèl IT grasa patenarya avèk SUNY Polytechnic Institute epi devlope pwochen jenerasyon lojisye IT ki nesèsè pou kondwi dekouvèt modèn nan domèn rechèch molekilè, jenomik, efikasite enèji ak defans.

Kòm yon pati nan devlopman sa a, IBM pral lokalize 500 nouvo djòb enfòmasyon teknoloji nan rezo a nan anba lavil Buffalo. Rezo a pral fonksyone tankou yon leman pou konpayi adisyonèl IT yo an patenarya avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal pati lwès New York, Sant Done Eta, College Nanoscale Science and Engineering ak

Inivèsite nan Buffalo, kap ofri yon laj varyete kapasite analiz tankou Analiz Avanse, Big Data, Watson Technology, Cloud Computing ak Enfòmasyon Mobil.

Jan li te anonse anvan pa Gouvènè a, Eta New York pral angaje \$55 milyon dola atravè CNSE pou itilize nan Inovasyon Enfòmasyon Teknoloji Buffalo ak rezo komèsyalizasyon. Sa a gen ladan \$15 milyon dola pou etabli yon etablisman inovasyon ouvè ak \$40 milyon dola pou achte ekipman ak lojisyèl IT. Rezo a pral posede pa Eta New York ak resous li yo pral disponib pou tout inite IT yo nan tout ajans eta yo.

Howard Zemsky, Prezidan ak PDG Empire State Development ansanm avèk Komisyonè Depatman Devlopman Ekonomik Eta New York, te deklare, “Transfòmasyon ekonomik Buffalo ak Lwès New York, grasa vizyon ak detèminasyon Gouvènè Cuomo, te atenn yon etap ak nivo konfyans ke nou pat wè depi anpil jenerasyon. Avèk arive IBM nan nouvo rezo IT Buffalo Billion-finanse vle di yon gwo enfizyon kapital entèlekyèl, travay ki peye byen, aplikasyon wo teknoloji modèn ak yon mak ki denote ekselans – e sa a se sèlman nan faz en. Syèl la se limit nan Buffalo e Gouvènè Cuomo vle nou rive piwo epi pouse pli plis pou atenn pi gwo siksè kounye a ak nan lavni.”

Dr. Alain Kaloyeros, Prezidan ak PDG SUNY Polytechnic Institute te deklare, “Graas lidèchip ak vizyon Gouvènè Andrew Cuomo, Buffalo te transfòme an youn nan vil yo ki te gen plis difikilte nan youn ki pi dinamik, e adisyon IBM nan twal Lwès New York kontinye trajektwa pwogrè san parèy rejyon an. An patenarya avèk SUNY Poly, IBM nan Buffalo pral alimante teknoloji de pwent ak fòmasyon mendèv, bay yon lyen sipò inovasyon enpòtan IT pou rezo inovasyon Gouvènè Cuomo ak plen ekspansyon rapid eta ak inovasyon kap jenere travay.”

Michael Cadigan, manadjè jeneral, IBM Mikwo-elektwonik te deklare, “Nou aplodi Gouvènè a pou lidèchip ak angajman l pou pote resous ak travay ki pral fè Buffalo vini yon rezo teknolojik nan Eta New York. IBM fyè pou l patisipe nan efò enpòtan sa a e nap rete tann pou n travay avèk Eta ansanm avèk kominote biznis ak akademik lokal yo pou bati yon avni ki briyan pou Buffalo.”

Majistra Buffalo Byron Brown te deklare, “Kreye travay ki peye byen, sipò karyè travay ak opòtinite fòmasyon se yon gwo priyorite administrasyon mwen an e nap akeyi a tout kè nou IBM nan Buffalo e nap rete tann kontinyasyon gwo relasyon, enkli gwo patenarya ant Vil Buffalo ak IBM ki remonte a 2013 lè vil la te genyen yon sibvansyon konpetitif IBM Smarter Cities yo. Ouvèti Sant Inovasyon IBM Buffalo se yon lòt endikasyon nan fòs pwosperite ekonomik Buffalo kote plis pase \$5 milya nan nouvo aktivite devlopman ekonomik, sa yo prevwa pou bay rezilta nan kreyasyon plis pase 12,000 nouvo djòb. Mwen rekonesan pou patenarya solid vil la avèk Gouvènè Andrew Cuomo pandan peryòd ekspansyon ekstra-òdinè sa ak renouvèlman nan Buffalo.”

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, “Arive Sant Inovasyon IBM Buffalo se yon lòt siy transfòmasyon rejyon nou an an yon sant teknoloji pwòp pou enfòmasyon ak manifakti. IBIC a pral adapte pafètman nan nouvo Konte Erie, non sèlman pote nouvo djòb men tou pote teknoloji enfòmasyon ki nesèsè pou devlope endistri yo ki baze sou

teknoloji ki deja la oswa ki sou wout. Anplis, gen yon biznis jeyan ki gen rekonesans entènasyonal tankou IBM ki lokalize yon biwo nan zòn nou an montre yon fwa ankò ke konpayi yo deplizanpli ap reyalize ke Konte Erie se yon kote pou grandi biznis yo nan 21yèm syèk la. Grasa Gouvènè Cuomo, renesans ekonomik nou ap kontinye genyen elan."

Senatè Tim Kennedy te deklare, "Avèk premye faz nan pwojè IBM a ki fini kounye a, nou vrèman ap kòmanse pou wè investisman ki te fèt gras a kreyasyon sant wo teknoloji sa a. IBM non sèlman pwomèt pou pote plizyè santèn travay nan rejyon nou an, men lap fè yon angajman pou bati fondasyon ekonomik alontèm Buffalo. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Lwès New York ap vini rapidman yon pati esansyèl nan avni teknolojik peyi nou an, dirije wout la nan rechèch syantifik kap bati yon mond ki pi dirab. Yon fwa ankò, se plis prè ke Buffalo Billion ap travay, e ke Buffalo an mouvman."

Manm asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Mwen kontan anpil pou m akeyi IBM nan anba lavil Buffalo ak nan 141^{yèm} Distri a. Misyon santral IBM isit la pale sou enpòtans pwogramasyon akademik STEM pou etidyan nou yo kòm nap kontinye kreye yon nouvo sistèm ak sipò ekonomik nan LNY. Konpliman epi mèsi a IBM, Gouvènè Cuomo, ansanm avèk tout ekip la nan Empire State Development Corporation."

IT Innovation and Commercialization Hub fè pati angajman alontèm Gouvènè a nan Rejyon Lwès New York. Buffalo Medical Innovation and Commercialization Hub ki te anonse anvan sa sou Kanpis Medikal Buffalo Niagara ak Inovasyon Wo-Teknoloji ak Rezo Komèsyalizasyon Buffalo nan RiverBend ap travay sou pwòp chemen devlopman pa yo, pou ede konsolide ak divèsifye espansyon ekonomi wot teknoloji rejyon an. Atravè inisyativ Buffalo Billion an ak twa seri finansman atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York, Eta a investi plis pase \$800 milyon nan Buffalo ak Rejyon Lwès New York. Estrateji santre sa fèt pou l kreye kalite djòb kap pote transfòmasyon ki pral jenere kwasans ekonomik nan rejyon an pou jenerasyon kap vini yo.

Enfòmasyon sou IBM

IBM se yon konpayi global teknoloji ak konsiltasyon entegre ki baze nan Armonk, New York. Avèk operasyon nan plis pase 170 peyi, IBM te atire ak kenbe kèk nan moun ki gen plis talan nan mond lan pou ede rezoud pwoblèm yo ak bay yon kwen pou biznis, gouvènman ak non-pwofi yo.

Inovasyon se nan nwayo estrateji IBM. Konpayi an devlope ak vann lojisyèl ak sistèm materyèl ak yon laj evantay enfrastruktir, cloud ak sèvis konsiltasyon.

Jodia, IBM konsantre sou kat inisyativ kwasans-- biznis analitik, cloud enfòmasyon, kwasans mache ak Smarter Planet. IBM ap travay avèk kliyan yo nan mond lan pou aplike teknoloji konsiltasyon biznis lan ak ekspètiz R&D pou devlope sistèm kap pèmèt òganizasyon efikas ak dinamik, pi bon transpòtasyon, manje ki pi ansekirite, dlo ki pi pwòp ak popilasyon ki pi ansante.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418